# ZAMAN KELBETI SHAYIR DÓRETIWSHILIGINDE SÁWLELENIWI

***Tursinmuratova A.***
*Nókis, Ózbekstan*
*Berdaq atindagı Qaraqalpaq Mamleketlik universiteti erkin izleniwshisi*
***e-mail:*** *tursinmuratovaaysha@gmail.com*
*+998999508740*

I.Yusupovtıń óziniń ómiriniń aqırǵı jıllarında shıǵarǵan bir qosıqlar toplamın «Hár kimniń óz zamanı bar» dep ataǵan edi. Bunda úlken máni bar. Shayır óz ómiriniń, óz zamanınıń keshegisine, búgingisine hám ertengisine házirgi kúnniń biyiginen qaraydı hám olarǵa ádep-ikramlılıq poziciyasınan baha beriwge umtıladı. Sebebi shayırdıń túsiniginshe adam hám jámiyettiń, adam hám zamannıń qarım-qatnasında ádep-ikramlıq, ulıwma insanıylıq qádiriyatlar ústemlik etpese, onda eki taman ushın da bunıń áhimiyeti jaqsılıqqa ákelmeydi. Bul, álbette, jámiyetlik rawajlanıwdıń tubalanıwǵa baǵıt alıwına, al adamlardıń paziyletiniń sayızlanıwına bet burıwına alıp keledi. Onı shayırdıń tómendegi qatarlarınan ayqın sezemiz:

Qızıl ideologiya qarazlarına,
Suw quyıp, jel berip, jaǵınsa kimler,
Zer muhaba qaplap kitaplarına,
Berdi olarǵa dańq hám biyik minber.

Jalǵanshılıq ústin edi shınında,
Júzegóyler júrdi saltanat qurıp.
Al sen shınlıq sózdi hár jazǵanıńda,
Seni sharǵa qıldı tóbeńnen urıp…

Zaman oń aylandı,qudayǵa shúkir,
Jalǵan uyqasıqlar uyqaspay qaldı,
Haqıyqatlıq ushın baslandı dáwir,
Xalıq óz tágdirin qolına aldı…

(«Shayır»)

Kórip turǵanımızday, keshegi «eń taza, eń ilgeri» qızıl ideologiya súrgen zamanda jaǵımpazlar, júzegóyler, aldawshılar dańqqa, saltanatqa bólendi, al haqıyqatlıqtı, shınlıqtı jazǵanlar boyların tiklep júre almadı. Al qızıl ideologiyaǵa tiykarlanǵan qızıl imperiyanıń tágdiri hámmege málim. Sonıń ushın da shayırdıń hámmeniń awızında qanatlı sózge–aforizmge aynalıp ketken eki qatar qosıǵında tereń flosofiyalıq máni bar:

Adamlar jaratar zaman degendi,
Zamanlar jaratar adam degendi

(«Dialektika»)

Qosıqtı biykardan-biykarǵa «Dialektika» dep atamaǵan. Dialektika sóziniń túp mánisi dialog, tartıs., disput degen eken. Usı kózqarastan kelip shıǵıp, shayırdıń óz

dáwiri-zamanı menen dialogına qurılǵan qosıǵına dıqqat qoysaq, joqarıda aytılǵan pikirler taǵı da tereńlesip konkret kóriniske iye boladı:

Dáwir, ayıplaysań meni nege sen?
Biz-axmaq, ózińdi aqıllı bilip.
«Keshe qátelestiń»,-dep búgin sógeseń,
Jazalaysań hám de ústimnen kúlip,

Óytip shetke alma búgin ózińdi,
Ózińgoy «olay ayt», «bılay ayt» degen.
Sóyleymen dep júrip seniń sózińdi,
Seniń qáteń menen qátelesippen.

(«Dáwir, ayıplaysań meni nege sen?»)

Demek, adamnıń isine zaman juwapker, zamannıń isine adam juwapker. Bul juwapkershilik eki tárep ushın da ádep-ikramlılıq májbúriyatı. Mine usı májbúriyat qaysı taman tárepinen orınlanbay qalsa da, eki táreptiń arasındaǵı qatnastıń keskinlesiwine alıp keledi. Onda joqarıdaǵıday awır dialoglar keshedi. Eger bul májbúriyatlar umıtılmay basshılıqqa alınsa, qayshılıqlar azayıp baradı hám joqarıdaǵıday dialoglarǵa orın qalmaydı. Solay etip, adam hám zaman qatnasları bir-birine úylesimli bolıwǵa umtılǵanda ǵana olardıń eń jaqsı paziyletleri júzege shıǵıwǵa jol ashıladı. Bul eki tárep ushın da iymannandur, yaǵnıy eki tárep ushın da iygilikli paziyletlerden esaplanadı. Sonlıqtan I.Yusupovtıń «Hár kimniń óz zamanı bar» degen uǵımın «zamanıń menen ayaq qosıp juriwge umtıl, onıń menen hámnápes, hámdárt bol» degeni dep túsinsek boladı. Shayırdıń «Hár kimniń óz zamanı bar» qosıǵı mine usıǵan juwap. Shayır zaman menen adamnıń til tabısıwlarınıń úlgisin tábiyat qubılıslarında kóredi:

Gulshanlarda gúl ashılmas,
Gúl máwsimi kelmegenshe.
Awıl-eller abat bolmas,
Diyqan jılın bermegenshe.
Hár máwsimniń bar óz gúli,
Hár gúldiń óz jamalı bar.
Hár pasıldıń óz mezgili,
Hár kimniń óz zamanı bar.

(«Hár kimniń óz zamanı bar»)

Shayır bul jerde tábiyattıń gózzallıqqa aynalǵan jaqsı paziyletleriniń saǵası tábiyat qubılıslarınıń qatań bir tártipke, intizamlıqqa boysınǵanlıqtan dep uqtıradı. Tap sonday adam hám zaman belgili nızamlıqqa súyenip is kórse, onda adamnıń rawajlanıwı ushın da, zamannıń rawajlanıwı ushın da qolaylı sháriyat óz-gezegi, máwsimi menen payda boladı, dep uqtıradı shayır.

Qosıqtıń dawamında shayır kompyuter zamanı kelgenin aytıp, kóp talantlı jaslar, isbilermenler ushın «óz zamanı kelse kerek» deydi. Olardıń ilim, talant, aqıl, inta, miynet

arqasında óz zamanı menen úylesim tawıp, úlken dańq, abırayǵa erisip, óz watanın dúnyaǵa tanıtqanın úlken kóterińkilik penen jırlaydı.

I.Yusupov naǵız dialektik shayır. Ol ómir qubılısların bir tárepleme qabıllaw menen, jırlaw menen sheklenbeydi, oǵan onıń hámme tárepi qızıq, hátte unamsız tárepleride bolsa da. Sonıń ushın shayır, eger adam ózine kelgen dáwrannıń qádirine jetpey, ayaq alısın buzıp alsa, onda insanıylıq paziyletleri tubalap qalatuǵın eskertedi:

Óz zamanıń- ol da dáwran,
Ómirińe bir keledi.
Dańq, maqtawǵa bolsań alań,
Bulaq suwı irkiledi.

(«Hár kimniń óz zamanı bar»)

Shayır qansha mashaqatlar, tosıqlar bolmasın, zaman menen adamnıń jaqsılıq taman ózgerip baratuǵınına isenedi. «Ómir ózgerisler menen órlegen»-deydi shayır.

## PAYDALANÍLǴAN ÁDEBIYATLAR:

1. Yusupov.I. Zaman aǵımı. -Nókis, 1966.
2. Yusupov.I. Shayırlıq haqqında shamalı sóz. Alǵı sóz. Zaman aǵımı.- Nókis, 1968.
3. Yusupov.I. Dáwir samalları. -Nókis, 1982.
4. Yusupov. I. Juldızı bálent shayır. Alǵı sóz. R.Gamzatov Taw juldızı. -Nókis, 1984.
5. Yusupov. I. Júreklerge jol izlep… Alǵı sóz. Yusupov. I. Tańlawlı shıǵarmalarınıń eki tomlıǵı. -Nókis, 1992.
6. Nizamaddinovna S.A. VERBALISATION OF THE CONCEPT “MUHABBAT”(LOVE) IN THE WORKS OF KARAKALPAK POET AJINIYAZ QOSIBAY ULY //湖南大学学报 (自然科学版). – 2022. – Т. 49. – №. 07.
7. Nizamaddinovna S.A. Verbalization of the concept “love/muhabbat” in the proverbs of English and Karakalpak languages //METHODS. – 2022. – Т. 3. – С. 30.
8. Atashova F.D., Seytniyazova G. M. DEVELOPING COMMUNICATIVE COMPETENCE OF ESP LEARNERS ESP ЎҚУВЧИЛАРИНИНГ КОММУНИКАТИВ КОМПЕТЕНЦИЯСИНИ РИВОЖЛАНТИРИШ //Mental Enlightenment Scientific-Methodological Journal. – 2022. – Т. 2022. – №. 2. – С. 38-50.
9. Atashova F.D., Konisov G. U. THE CONCEPT OF COMPETENCE APPROACH IN TEACHING A FOREIGN LANGUAGE ЧЕТ ТИЛИНИ ЎҚИТИШДА КОМПЕТЕНЦИЯ ЁНДАШУВИ ТУШУНЧАСИ //Mental Enlightenment Scientific-Methodological Journal. – 2022. – Т. 2022. – №. 2. – С. 24-37.
10. Feruza A., Dilbar P., Firuza D. CENTRAL ASIAN JOURNAL OF THEORETICAL AND APPLIED SCIENCES. – 2021.